

# Pa Dakò ak Desizyon FEMA a? Ou Gen Opsyon

---

Release Date: October 22, 2021

**BATON ROUGE, La.** – Si ou pa dakò ak desizyon FEMA sou èd lè gen katastwòf, ou gen opsyon pou soumèt yon apèl epi mande FEMA pou analize ka w la ankò.

Aprè ou fin aplike pou èd FEMA a, ou pral resevwa yon lèt ki eksplike desizyon kalifikasyon FEMA a ak rezon desizyon sa a. *Li lèt ou a ak anpil atansyon* paske li presize poukisa ou ka pa kalifye epi rekòmande mezi ou ka pran ki ka chanje desizyon an.

Ou ka bezwen pou bay plis enfòmasyon oswa dokiman. Pa egzanp, FEMA pa kapab double avantaj ki soti nan lòt sous, ki gen ladan asirans. Sepandan, si kontra asirans ou an pa kouvri tout bezwen esansyèl ou yo, ou ka soumèt dokiman règleman asirans ou pou FEMA revize.

Egzanp lòt dokiman ki manke yo ka gen ladan prèv rezidans, prèv pwopriyete pwopriyete ki andonmaje a, oswa prèv pwopriyete ki andonmaje a te rezidans prensipal ou nan moman katastwòf la.

Anplis de sa, si ou te di FEMA lakay ou te san danje pou w viv lè ou te aplike a, men sitiyasyon ou chanje, ou ka kontakte Liy Èd FEMA a lè ou rele 800-621-3362 (TTY 800- 462-7585) pou fè yo enspekte ak rekonsidere pwopriyete w la pou jwenn èd.

## Fè Apèl kont yon Desizyon FEMA a

Tout moun gen dwa pou fè apèl kont yon desizyon FEMA. Ou dwe fè yon apèl nan fòm yon lèt aplikan an siyen, nan lespas 60 jou ki vini apre dat ki sou lèt desizyon an. Nan apèl la, eksplike poukisa ou pa dakò ak desizyon an. Mete ladan nenpòt enfòmasyon yo mande ak dokiman sipò.



**FEMA**

Page 1 of 2

FEMA pral revize apèl ou a ak nenpòt dokiman ou te bay. Pafwa y ap fè yon lòt enspeksyon. Si gen plis enfòmasyon ki nesèsè, n ap kontakte ou. Yon fwa yo te revize apèl la – ki gen ladan apèl verifikasyon ou bay kontraktè yo oswa lòt moun – y ap pran yon desizyon sou apèl ou an.

Nan lespas 90 jou apre yo resevwa lèt apèl la, FEMA ap fè enfòmasyon w alekri sou desizyon apèl la. Asire w ou mete bagay sa yo nan yon apèl:

- Non konplè, adrès aktyèl ak nimewo telefòn aplikan an
- Adrès kay prensipal aplikan an anvan katastwòf lan
- Siyati aplikan an ak dat
- Nimewo enskripsyon aplikan an (sou chak paj)
- Nimewo deklarasyon katastwòf FEMA a – DR-4611 (sou chak paj)

Si ou menm, aplikan an, pa ekri lèt apèl la poukont nou, ou bezwen mete yon deklarasyon ki bay moun ki ekri a otorizasyon pou aji sou non ou.

Ou kapab telechaje rapidman lèt apèl ak dokiman sipò yo sou kont ou an sou [DisasterAssistance.gov](https://www.fema.gov/disaster) oswa nan faks nan 800-827-8112. Tanpri asire tout faks yo gen ladan yo paj kouvèti yo bay avèk lèt desizyon FEMA ou an.

Epitou ou ka soumèt apèl ou a nan yon Sant Rekiperasyon Apre Katastwòf kote anplwaye yo disponib pou ede ou asire tout dokiman ki nesèsè yo ladan. Ou ka jwenn sant ki pi pre a lè ou ale sou [www.FEMA.gov/DRC](https://www.fema.gov/DRC).

Epitou ou ka voye apèl yo nan lapòs bay:

FEMA National Processing Service Center

P.O. Box 10055

Hyattsville, MD 20782-8055



**FEMA**